

ESTANDA VIL
NEW YORK POU

SWEN KI MONTRE RESPÈ PANDAN AKOUCHMAN



NYC[™]

Health

7.18 Haitian Creole



Nou te kreye estanda sa yo pou enfòmè, edike ak kore moun k ap akouche - moun tankou ou. Estanda sa yo ankouraje w konnen dwa ou kòm moun ak pou w patisipe nan desizyon pou

akouchman w la. Epitou, nòm sa yo ka ede pwofesyonèl swen sante yo, epi ede yo respekte ak konnen dwa pasyan yo pandan gwosès, tranche, ak akouchman.

Ou gen dwa antanke moun pou yo trete ou ak respè, pou w pa an danje, ak pou w resevwa swen bon kalite pandan w ap akouche a.

Dwa moun se dwa tout moun gen pou yo pran pwòp desizyon yo pou viv lavi yo ak diyite. Yo diferan ak dwa sivik epi yo pa toujou resevwa pwoteksyon jiridik yo merite. Pwofesyonèl swen sante ak lopital yo diferan nan kijan yo respekte dwa moun ou yo kòm sadwa.

Malgre sa pa yon dokiman jiridik, nou ankouraje ou pataje ak diskite enfòmasyon sa yo avèk pwofesyonèl swen sante ou gen kounye a oswa ou ka gen pi devan, epi fè youn pase nan etablisman nou an. Sa a pral pèmèt ou aprann plis bagay sou règleman ak pratik yo anvan ou deside ak ki moun ak ki kote ou vle akouche.



EDIKASYON



**KONSANTMAN
ENFÒME**



PRAN DESIZYON



BON KALITE SWEN



SIPÒ



**AK DIYITE EPI SAN
DISKRIMINASYON**

Pou jwenn plis enfòmasyon,
chèche **SRJ** nan nyc.gov/health.

EDIKASYON

Ou merite pou w mande ak pou w resevwa enfòmasyon ki senp ak fasil pou konprann konsènan swen sante ou, pwofesyonèl swen sante ou ak chwa ou genyen sou fason pou vle akouche a. Sa a gen ladan enfòmasyon sou sa ki annapre yo:



- 1 Obstetrisyen, jinekòlòg, fanmsaj, doula oswa doktè medsin famiyal, ak kalifikasyon yo ak eksperyans pwofesyonèl yo
- 2 Chwa sou kote pou w akouche, tankou nan yon lopital oswa sant akouchman, oswa lakay ou
- 3 Règleman ak pratik kote ou chwazi pou w akouche a
- 4 Resous pou prepare pou akouchman ak bay tibebe ou tete, tankou klas edikasyon sou akouchman ak konseye enfimyè
- 5 Yon deskripsyon tout rezilta posib akouchman pou ou menm ak ti bebe ou
- 6 Enfòmasyon ak referans pou avantaj ak sèvis ou ka bezwen, tankou lojman, manje, sipò jiridik ak asirans sante*

BON KALITE SWEN

Ou merite pi bon nivo swen sante posib. Sa gen ladan:

- 1 Pou w jwenn atansyon pou bezwen ou yo atan, tankou pran nivo doulè ou oserye, pou tout tan ou nan lopital la oswa nan sant akouchman an, oswa pandan w ap akouche lakay ou
- 2 Yon anviwònman ki pwòp ak san danje pandan tranche ak akouchman ou an, ak yon chanm ki kalm ak san danje apre ou akouche
- 3 Pwofesyonèl swen sante ki te resevwa fòmasyon epi ki gen konpetans nan nan pi bon pratik swen pandan gwosès ak akouchman
- 4 Yon manm pèsònèl koutwa ki prezante tèt yo lè y ap antre nan chanm nan. Si ou gen yon move eksperyans oswa ou pa santi ou konfòtab ak yon manm pèsònèl pou nenpòt ki rezon (tankou konpòtman li, konpetans li, oswa nivo konpetans li, elatriye.), ou ka mande epi w ap jwenn yon diferan manm pèsònèl



PRAN DESIZYON

Ou merite pou w decide ki sa k ap pase ak kò ou ak pou pran desizyon pou tibebe w lan. Sa gen ladan:

- 1 Fè chwa sou swen sante ou, tankou pwosedi medikal ou pral kite oswa pa pral kite yo fè sou ou, selon valè, relijyon, ak kwayans ou
- 2 Decide si w ap akouche nan yon lopital, sant akouchman, oswa lakay ou
- 3 Chwazi kijan pou w bay pitit ou manje -kit w ap bay li te tete, fòmila, oswa yon melanj toude - epi jwenn èd lè w bezwen bay tibebe ou manje
- 4 Kenbe tibebe w la touswit apre ou akouche (ki rele po-sou-po tou), menm si ou te fè yon sezaryèn
- 5 Fè chwa sou swen tibebe ou a, tankou si pou w ak tibebe w la ou pa pou tès ak pwosedi medikal (amwenske gen yon rezon medikal pou w pa fè sa) ak kote tibebe ou rete (nan menm chanm ak ou oswa nan chanm pou tibebe a)
- 6 Fè yo dokimante desizyon ou epi endike ou konprann risk posib ki asosye yo



KONSANTMAN ENFÒME

Ou merite konnen ak pran pwòp desizyon ou sou tout pwosedi medikal ou yo. Sa rele "konsantman enfòme" epi se yon dwa legal ou genyen.** Pwofesyonèl swen sante yo dwe pataje eksplikasyon ak enfòmasyon ki egzat, san jijman nan yon lang ou ka konprann pou w ka pran desizyon ki bon pou ou, lè ou pare. Apre ou fin te pran desizyon ou, ou gen dwa chanje lide w epi yo dwe respekte nouvo desizyon oumenm si pwofesyonèl swen sante ou pa dakò avèk ou. Konsantman enfòme gen ladan:

- 1 Rekòmandasyon pwofesyonèl swen sante ou a sou pwosedi, tès, tretman oswa medikaman
- 2 Nenpòt risk, avantaj ak pwosedi altènatif

AK DIYITE EPI SAN DISKRIMINASYON



Ou merite pou yo trete w avèk diyite ak respè pandan gwosès la, tranche, ak akouchman, ansanm ak apre akouchman tou - kèlkeswa sa ki rive.*** Sa vle di pwofesyonèl swen sante yo sipoze:

- 1 Trete ou ak fanmi ou yon fason ki jis, kèlkeswa ras, sèks, relijyon, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, estati VIH, sitiyasyon ak imigrasyon, kote w ap viv, nivo revni oswa kalite asirans
- 2 Bay yon entèprèt pou ou ka konprann pwofesyonèl swen sante ou epi pou yo ka konprann ou
- 3 Pwoteje enfòmasyon prive ou epi kenbe enfòmasyon medikal ou konfidansyèl
- 4 Kite ou ou decide ki moun ou vle nan chanm nan ak ki moun ou pa vle nan chanm nan, ak manm pèsònèl yo ladan, pandan egzamen ak pwosedi, epi respekte desizyon sa a
- 5 Mande epi itilize non ak pwonon (pou fi oswa gason) ou prefere
- 6 Itilize non ak pwonon (pou fi oswa gason) pou itilize pou bebe ou a
- 7 Respekte desizyon ou te pran sou fanmi ou, tankou si ou gen yon madanm, mari, oswa yon patnè, si moun sa a se yon fi oswa gason, konbyen timoun ou genyen, oswa si ou te chwazi plase yon tibebe pou adopsyon
- 8 Rekonèt enkyetid oswa plent ou ka genyen sou swen sante ou, epi ba ou enfòmasyon sou fason pou pote yon plent sou nenpòt aspè nan swen ou

SIPÒ

Ou merite pou w resevwa sipò pandan gwosès la, tranche, ak akouchman, ansanm ak apre akouchman tou. Sa gen ladan:

- 1 Fè pwòch ou yo la pandan akouchman an oswa lòt pwosedi, tankou patnè, fanmi, zanmi, oswa doula (yon pwofesyonèl fòme ki bay enfòmasyon ak sipò avan, pandan, ak touswit apre akouchman an)
- 2 Resevwa enfòmasyon, konsèy ak sèvis sipò si ou santi depresyon apre akouchman (ki rele tou depresyon apre akouchman)
- 3 Resevwa enfòmasyon, konsèy ak sèvis sipò pou ou ak fanmi ou si ou fè yon foskouch, pitit la fèt tou mouri ou oswa ou pèdi yon tibebe



*Si ou ta renmen enskri pou pwogram avantaj piblik, rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon. **Si ou kwè yo te vyole dwa ou genyen pou gen yon konsantman enfòme, ou ta dwe kontakte yon avoka ki espesyalize nan chòk pèsònèl. Asosyasyon Bawo Vil New York la gen yon sèvis referans legal ki ka ede ou jwenn yon avoka. Rele yo nan 212-262-7373. ***Si ou kwè yo te maltrete ou oswa refize ba ou swen oswa sèvis poutèt sèks ou, gwosès ou oswa nenpòt lòt kategori ki pwoteje anba Lwa konsènan Dwa Moun Vil New York la, rele 311 oswa 718-722-3131 pou depoze yon plent avèk Komisyon Dwa Moun Vil New York la.

Se reyinyon kominotè ki te pèmèt sanble enfòmasyon ki nan dokiman sa a epi se **Gwoup Angajman Kominotè anfavè Jistis Seksyèl ak Repwodiktif** (Sexual and Reproductive Justice Community Engagement Group, SRJ CEG) Depatman Vil New York la ki te kreye dokiman sa a. Pou jwenn plis enfòmasyon, chèche **SRJ** nan **nyc.gov/health**.

Kòm yon pati nan angajman jistis seksyèl ak repwodiktif, SRJ CEG travay pou ankouraje jistis pandan akouchman. **Jistis pandan akouchman** egziste lè tout moun gen libète ak sipò pou pran desizyon konsènan gwosès, akouchman ak apre akouchman avèk diyite. Sa a gen ladan aksè nan bon kalite swen ki respekte kilti moun nan, libète pou chwazi ki kote epi ak ki moun yo vle akouche, ak kapasite pou aksepte oswa refize entèvansyon medikal.